

# Kisa Depistaj Nouvo-Ne ye?

- A** Lwa eta a egzije pou chak tibebe ki fèt nan Indiana fè depistaj nouvo-ne. Tibebe ki gen twoub yo kapab sanble epi konpòte yo tankou nouvo-ne ki an sante, men yo kapab genyen yon pwoblèm medikal ki lakòz maladi grav, reta nan devlopman, andikap oswa menm lanmò.
- B** Depistaj nouvo-ne a se yon ansanm 3 tès ki idantifye plis pase 50 twoub. Yo pral fè yon senp tès san ki rele yon piki nan talon pye, yon tès mezi oksijèn apati batman kè pou detekte malfòmasyon kadyak konjenital grav (CCHD) ak yon tès oditif pou pèt nan kapasite pou tande.
- C** Genyen tretman ki disponib pou twoub yo fè depistaj pou yo epi pifò tibebe ke yo idantifye byen bonè yo kapab grandi epi rete an sante.
- D** Pou wè yon lis konplè tout pwoblèm medikal ki enkli nan panèl depistaj nouvo-ne Indiana a, vizite sit entènèt Pwogram Indiana Genomics and Newborn Screening la.




Pwogram Genomics and Newborn Screening  
 Depatman Sante Indiana  
 www.NBS.in.gov  
 telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak Entèvasyon Bonè nan Zòrèy (EHDI)  
 Depatman Sante Indiana  
 www.Hearing.in.gov  
 telefòn 317.232.0972



## Depistaj Nouvo-Ne, Etap pa Etap



### FELISITASYON, TIBEBE A FÈT!

Chak prelevman pi piti pase gwosè yon pyès dis santim.



**24-48**  
 KÈK ÈDTAN APRÈ NESANS LAN

24-48 èdtan aprè nesans lan, yo reyalize piki nan talon pou depistaj nouvo-ne ak yon mezi oksijèn apati batman kè pou verifye sante tibebe ou an.

Yo pral fè yon **depistaj oditif** anvan tibebe ou an ale lakay li.



Nan laboratwa NBS la, yo itilize ekipman espesyal pou teste prelevman tach san yo. Yo fè tès san pou tibebe ou an pou plis pase 50 twoub.

*Founisè swen sante ou an pral ba w rezilta yo lè yo disponib.*



Yo pran kèk gout san nan talon tibebe a epi yo mete yo sou yon kat depistaj nouvo-ne a avèk rezilta mezi oksijèn apati batman kè tibebe a ak rezilta depistaj oditif la epi yo bay yo nan Laboratwa NBS la.

**REZILTA NÒMAL YO**  
 Si tout bagay parèt nòmal, y ap voye rezilta yo bay founisè swen sante tibebe ou an. **Mande rezilta tibebe ou an nan premye vizit pou nouvo-ne a!**

**REZILTA KI PA NÒMAL**  
 Si ta genyen yon pwoblèm, laboratwa a ap rele founisè swen sante tibebe ou an. Depistaj la ka sèlman di si tibebe ou an **TA KA** genyen yon pwoblèm sante; se sèten nou p ap konnen jiskaske tibebe ou an fè plis tès. Founisè swen sante tibebe ou an pral pale avèk ou sou sa ki dwe fèt apres.

## Kisa ki pase ak kat prelevman tach san yo?

- 1** Aprè depistaj la, yo konsève prelevman tach san ki sèch yo pandan 6 mwa epi apres a yo detwi yo si yo pa deside konsève yo. Si ou te chwazi konsève prelevman tach san yo, y ap konsève yo pandan 3 zan epi apres a yo detwi yo.
- 2** Fanmi yo kapab benefisye de konsèvasyon kat prelevman tach san tibebe yo a. Si yon timoun vin malad, prelevman tach san an ka bay yon lide si se yon bagay nan nesans lan ki te fè timoun nan malad. Yo kapab itilize yon prelevman tach san tou pou idantifye yon timoun ki disparèt oswa ki mouri, pou detèmine patènite, oswa si paran yo mande enfòmasyon pou fiti gwosès yo.
- 3** Pou asire ke depistaj ak ekipman yo fonksyone nan fason yo ta dwe fonksyone a, yo kapab fè kontwòl kalite nan laboratwa a avèk prelevman tach san yo konsève a.
- 4** Yo ka itilize konsèvasyon prelevman tach san yo tou pou rechèch. Yo rann prelevman tach san yo anonim, sa vle di yo retire non tibebe a, dat nesans, ak tout lòt enfòmasyon idantifikasyon yo.

**Selon lalwa,** depistaj nouvo-ne yo obligatwa; sepandan, ou kapab refize depistaj la lè ou ranpli yon fòmilè refi relijye, ki disponib sou sit entènèt Pwogram Genomics and Newborn Screening nan.



Yo p ap fè **okenn rechèch** sou prelevman tach san tibebe ou an san ou pa bay konsantman w alekri. Si ou ta renmen chanje konsèvasyon prelevman tach san tibebe ou an oswa si ou gen lòt demann, tanpri ranpli fòmilè ki apwopriye ki disponib sou sit entènèt Pwogram Genomics and Newborn Screening nan oswa mande founisè swen sante ou an plis detay.

## Yon souvni pou ou menm ak tibebe ou an

Non Tibebe a \_\_\_\_\_

Dat Akouchman Tibebe a \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_

Lè \_\_\_\_\_ a.m./p.m. Pwa \_\_\_\_\_ Longè \_\_\_\_\_

Founisè Swen Sante Manman an \_\_\_\_\_

Founisè Swen Sante Tibebe a \_\_\_\_\_

Dat yo Pike Talon Pye a (tès san) \_\_\_\_\_

Mezi Oksijèn Apati Batman Kè pou CCHD  
 Kòrèk (Men ak pye dwat la depase 95%)  
 Ekokadyogram

Depistaj Oditif pou pèt nan kapasite pou tande  
 Kòrèk pou toude zòrèy yo  
 Referans pou lòt tès

Dat \_\_\_\_\_

Lè \_\_\_\_\_



Premye Foto Tibebe a



*Mande rezilta depistaj nouvo-ne tibebe ou an nan premye vizit nouvo-ne a avèk founisè swen sante ou an!*

Pwogram Genomics and Newborn Screening  
 Depatman Sante Indiana  
 www.NBS.in.gov  
 telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak Entèvasyon Bonè nan Zòrèy (EHDI)  
 Depatman Sante Indiana  
 www.Hearing.in.gov  
 telefòn 317.232.0972

